

Dat Avi _____ Nimewo CIN _____

Dat Antre Anvigè (10 jou Avi Rekomande) _____

Kowòdinasyon Swen Sante

Non _____

Adrès _____

Nimewo telefòn Jeneral pou Keson ak Asistans _____

Manm

Non _____

Paran, Gadyen Legal, Reprezantan Legal Otorize, si genyen _____

Adrès _____

Sa se pou avize w Dat efektif pou _____ ajans sa _____ te
Non Sant Sante a

Health Home Program (Pwogram Kowòdinasyon Swen Sante)

Ou pa ranpli kondisyon nesesè yo pou kontinye anrejistre epi nou retire w nan Pwogram Sant Sante a, jan dat antre anvigè anlè a di sa. pou rezon ki vin annapre yo:

- Ou pa gen bezwen Sèvis Jesyon Swen Sante paske ou pa ranpli kondisyon apwopriye ki vin pi ba yo (Tcheke tout sa ki aplike)
 - Ou kounye retwouve tout sante w epi objektif ou yo akonpli
 - Kounye a ou pa anba ris yon evènman endezirab (pa egz. lanmò, enkapasite, entène oswa admisyon nan sant retrèt, sèvis prevansyon obligatwa, oswa mete w yon kote ki pa lakay ou)
 - Kounye a ou gen ase si sosyal/familyal/nan kay
 - Ou pa gen gwo chanjman ki fêt nan relasyon familyal ou
 - Kounye a ou gen ase koneksyon ak sistèm sante a
 - Kounye a ou swiv tretman yo
 - Ou pa gen difikilte pou kontwole medikaman yo ankò
 - Ou pa gen pwoblèm nan aktivite w ap mennen chak jou ankò, aprantisaj oswa pwoblèm koyisyon
 - Lòt _____
- Anmenmtan ou kalifye oswa anrejistre, swa pitit ou oswa moun k ap ba w swen an nan yon lòt Kowòdinasyon Swen Sante
- Kounye ou rete nan lokal ki eskli (pa egz., Sant Trètman Rezidansyèl, Sant Retrèt, Enkaserasyon elatriye.)
- Nou pa te jwenn ou pou swivi epi nou pa kapab ba w Sèvis Jesyon Swen Sante ankò
- Ou pa ranpli kondisyon pou kalifye pou Swen Sante Kwonik. Ou ka gen swa:
 - De oswa plis nan kondisyon Kwonik sa yo OSWA
 - Yon sèl nan kondisyon kwonik pou kalifye yo (gade lis kondisyon pou kalifye yo nan Atachman A)
- Ou pa gen tip kouvèti Medicaid apwopriye pou Sèvis Kowòdinasyon Swen Sante yo ankò.

Desizyon sa pran anba NYS SSL 365-l

Reprezantan Health Home (Kowòdinasyon Swen Sante yo)

Siyati: X _____

SI W PA DAKO AVEK DESIZYON SA, OU KAPAB MANDE YON KONFERANS, YON ODYANS SAN PATIPRI, OSWA TOUDE. SOUPLE LI DO AVI SA POU KONNEN KOMAN OU KAPAB MANDE YON KONFERANS OSWA/AK YON ODYANS SAN PATIPRI.

DWA POU GEN YON KONFERANS: Ou kapab gen yon konferans pou revize aksyon sa yo. Si ou vle yon konferans, ou dwe mande youn touswit. Nan konferans lan, si nou dekovuri nou te pran yon move desizyon oswa si, akòz enfòmasyon ou bay yo, nou detèmine pou chanje desizyon nou an, nou pral pote koreksyon an epi enfòme ou alekri. Ou ka mande yon konferans lè w rele nimewo ki nan premye paj Avi Detèminasyon sa a oswa voye yon demann alekri ba nou nan adrès ki nan lis premye paj Avi Detèminasyon an. Nimewo sa sèvi sèlman pou mande yon konferans. Se pa konsa ou kapab mande yon odyans san patipri. **Si ou mande pou yon konferans ou toujou gen dwa yon odyans san patipri.** Ou dwe mande yon odyans san patipri jan l dekri anba la a. Epitou, si ou vle kontinye resevwa benefis ou yo san chanjman (asistans kontinye) jiskaske ou jwenn yon desizyon odyans san patipri a, tanpri li epi ranpli seksyon ki anba ki gen tit, 'KONTINYE AK BENEFIS OU'.

DWA POU YON ODYANS SAN PATIPRI: Si ou kwè desizyon ki pi wo a pa bon, ou ka mande yon Odyans San Patipri Eta pa:

- 1) **Telefòn:** Ou ka rele nan nimewo gratis eta a: 800-342-3334 (TANPRI AVI SA DWE AVÈK OU LÈ OU RELE); OSWA
- 2) **Faks:** Voye yon kopi avi sa a nan nimewo faks. (518) 473-6735; OSWA
Anliy: Ranpli epi voye fòmilè demann lan anliy nan: <http://www.otda.ny.gov/oah/forms.asp>; OSWA
- 3) **Ekri:** Voye yon kopi avi sa ranpli, bay Depatman Odyans Sanpatipri a, Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikape Eta New York, P.O. Box 1930, Albany, New York 12201 Kenbe yon kopi pou ou.
- 4) **An pèsòn (New York City only):**
Biwo Asistans Tanporè ak Andikape
Biwo Administratif odyans
14 Boerum Place – 1st Floor
Brooklyn, New York 11201
- 5) **Pwoblèm Lapawòl ak Tande:**
Kontakte Sèvis Retransmision New York la nan 711 oswa 1-800-622-1220.
Mande pou operatè a rele 877-502-6155. Sèvis nan nimewo sa a sèlman pou moun ki rele k ap sèvi avèk ekipman TDD.

Mwen vle yon Odyans San Patipri. Desizyon sa pa bon paske: _____

OU GEN 60 JOU APATI DAT OU TE RESEVWA AVI SA POU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI

Si ou mande yon odyans san patipri, Eta a ap voye yon avi pou fè ou konnen kilè ak ki kote odyans lan ap fèt. Ou gen dwa pou gen yon konsèy legal, yon fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun ki reprezante w, oswa pou reprezante tèt ou. Nan odyans lan oumenm, avoka ou oswa lòt reprezantan ap gen opòtinite pou prezante prèv ekri ak oral pou demontre rezon ki fè yo pa ta dwe pran desizyon an, epitou ap gen yon opòtinite pou poze nenpòt moun ki parèt nan odyans lan kesyon. Epitou, ou gen dwa pou vini ak temwen pou pale an favè ou. Ou ta dwe vini nan odyans la ak tout dokiman tankou avi sa a, kopi chèk, resi, bòdwo swen sante, bòdwo chofaj, verifikasyon medikal, lèt doktè, elatriye ki ka sèvi pou w prezante ka ou la.

KONTINYE AK BENEFIS OU: Si ou mande yon odyans san patipri anvan dat antre anvigè ki endike nan avi sa a, w ap kontinye resevwa benefis ou san okenn chanjman jiskaske yo bay desizyon odyans san patipri a. Sepandan, si ou pèdi odyans san patipri a, nou ka mande w remèt kòb pou nenpòt benefis Asistans Medikal ou pa te gen dwa resevwa. Si ou vle evite posiblite sa a, tcheke bwat ki anba a pou endike ou pa vle asistans ou an kontinye, epi voye paj sa ansanm ak demann odyans ou an. Si ou tcheke bwat la, yo pral pran desizyon ki dekri pi wo a nan dat antre anvigè ki endike anwo a.

Mwen dakò pou pran desizyon ki nan benefis Asistans Medikal mwen an, jan sa dekri nan avi sa a, anvan yo bay desizyon odyans san patipri a.

ASISTANS LEGAL: Si ou bezwen asistans legal gratis, ou ka kapab jwenn asistans sa yo lè ou kontakte Sosyete pou Asistans Legal lokal ou a oswa lòt gwoup defansè legal. Ou ka lokalize Sosyete pou Asistans Legal ki pi pre a oswa gwoup defansè yo lè ou tcheke Paj Jòn ou an anba "Avoka" oswa lè ou rele nimewo ki endike nan premye paj avi sa a.

JWENN AKSÈ AK DOSYE W AK KOPI DOKIMAN YO: Pou ede w prepare pou odyans lan, Sant Sante an ap voye yon kopi pake prèv la nan 10 jou ouvrab apre yo resevwa avi nan men ODTA konsènan dat Odyans san Patipri a. pake prèv ki gen enfòmasyon Sant Sante a te itilize pou pran desizyon yo a sou enskripsyon w nan Sant Sante a, y ap voye yo bay hearing officer(fonksyonè odyans) a pou esplike l desizyon yo a. Si ou pa resevwa pake prèv ou a nan semèn anvan odyans ou an, rele nou nan nimewo telefòn ki nan paj 1 Avi Detèminasyon sa a epi mande pou li. Si pa gen ase tan pou voye pake prèv la ba ou, Health Home (Sant Sante a) ap pote yon kopi pou ou nan odyans lan.

Ou gen dwa pou gade dosye w lan. Si ou rele nou avan nan nimewo telefòn ki nan tèt paj 1 nan Avi Detèminasyon an oswa ekri nou nan yon tan rezonab anvan dat odyans lan, nou ap bay ou yon kopi gratis tout lòt dokiman ki nan dosye w ou panse ou ka bezwen pou prepare pou Odyans san Patipri ou la. N ap voye dokiman sa yo pou ou sèlman si ou mande pou yo voye yo ba ou.

ENFÒMASYON: Si ou vle plis enfòmasyon sou ka w la, sou fason pou mande yon odyans san patipri, fason pou w wè dosye w lan, oswa fason pou jwenn lot kopi dokiman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki nan paj 1 nan avi sa a oswa ekri nou nan adrès ki enprime nan tèt paj 1 nan avi sa a.

Ekri Non an anlèt detache: _____ Nimewo Idantifikasiyon Kliyan an (CIN): _____

Adrès: _____ Nimewo Telefon: _____

Siyati: X _____ Dat _____

Orijinal - Manm Medicaid / Paran / Gadyen / Reprezantan Legal Otorize

Kopi lè sa Aplikab – Espesyalis kontwòl Kalite (QMS) Depatman Lokal Sèvis Sosyal oswa Divizyon Jistik pou jèn ak Opotinite pou Jenès, Ajans Entegrasyon Swen Sante, Ajans Planifikasyon Ka, Moun Kap bay swen, Ajans Akey Volontè Swen, Konsantman Medikal, Biwo Rejyonal Andikap Nan Developman (DDRO)

Dokiman sa disponib nan lòt lang tou. Yo kapab li avi sa pou ou nan yon lòt lang.

**Avi sou Detèminasyon pou soti nan
New York State Health Home Program
(Pwogram Kowòdinasyon Swen Sante Eta New York) la
Atachman A**

Kritè pou kalifye pou Sant Sante a gen ladan l de oswa plis kondisyon kwonik OSWA yon senp kondisyon pou kalifye.

Lis senp kondisyon pou kalifye yo konsa:

- VIH/SIDA (Granmoun ak Timoun) oswa
- Gwo Maladi Mantal (SMI) (Granmoun sèlman) oswa
- Gwo Pwoblèm Emosyonèl (SED) (Timoun sèlman) oswa
- Chòk Konplike (Timoun sèlman)
- Enkapasite Entelekyel (OPWDD)
- Paralizi Serebral (OPWDD)
- epilepsi (OPWDD)
- Pwoblèm Newolojik (OPWDD)
- Dizotonomi Familyal (OPWDD)
- sendwom Prader-Willi (OPWDD)
- Otis (OPWDD)